



Al fè yon tè
depistaj:
**Detekte kansè nan
tete pi vit posib.**

NYC[™]
Health

Detekte kansè nan tete pi vit posib.

- Yo (1) fanm sou uit (8) Ozetazini ap gen kansè nan tete nan vi li.
- Anpil fanm gen plis chans pou jwenn yon gerizon si yo detekte kansè a bonè.
- Nan moun yo dyagnostike bonè yo, **99% siviv omwen senk (5) ane**, men yon pi piti kantite fanm yo bay dyagnostik kansè pi ta ap ka siviv.

Mamogram yo se kle pou detekte kansè nan tete bonè.

- Mamogram se foto reyon X tete a ki ka detekte yon timè avan ou ka santi yon boul nan tete ou.
- Si ou gen 40 tan oswa plis, pale ak doktè ou sou ki lè k ap bon pou ou fè yon mamogram.
- Si ou gen moun nan fanmi ou ki gen kansè nan tete, pale ak doktè ou avan ou gen 40 tan sou ki lè k ap bon pou w fè yon mamogram.

Kisa ki pase pandan yon mamogram?

- Yon teknisyen mamogram pral ede ou pozisyone tete ou sou machin reyon X la.
- Pou jwenn yon bon foto, machin lan peze tete ou byen sere.
- Ou ka santi yon bagay pense ou epi li ka fè ou mal alèz, men jeneralman doulè a ap pase apre yo pran foto a.
- Pafwa teknisyen an pran plis reyon X pou l ka jwenn yon imaj pi klè. Sa pa nesesèman vle di gen yon pwoblèm.

Ki sa mamogram nan montre?

- Doktè a (yon radyològ) pral chèche nan foto reyon X yo pou wè si gen nenpòt tisi nan tete a ki pa nòmal.
- Tisi nan tete a chanje plis gen tan ki pase. Doktè w pral konpare rezilta tè s mamogram ou a ak mamogram ou te fè avan yo.
- Si mamogram ou a montre kote yo ta dwe tcheke, doktè ou ka rele ou pou w ka vin fè plis tè s. Tè s sa yo ka gen ladan yon radyografi, yon sonogram oswa yon IRM (imajri resonans mayetik).

Asire w ou jwenn rezilta mamogram ou a.

- Si ou pa jwenn rezilta ou anvan ou kite klinik doktè a, mande kijan ou pral resevwa yo.
- Selon lalwa, ou dwe resevwa rezilta yo alekri swa nan lè ou fè egzamen an oswa pa kourye lapòs nan 30 jou oswa pi piti. Asire w klinik doktè a gen bon adrès ou.
- Si ou pa resevwa rezilta ou yo, rele klinik doktè a. Pa sipoze tout bagay anfòm.



Si yo di w rezilta ou yo mande vizit swivi oswa plis tè s, aji.

- Asire w ou konprann rezilta ou yo epi ou konnen kisa pou ou fè apre. Poze kesyon.
- Lè yo rekòmande plis tè s, al fè yo san pèdi tan.
- Si yo dyagnostike kansè, pa tann. Al chèche tretman ki apwopriye KOUNYE a.

Diminye risk ou.

Risk nan sante ak abitud:

- Kite pwa ou nan yon nivo ki bon pou lasante epi fè aktivite fizik regilyèman. Fè omwen 30 minit egzèsis modere, tankou yon ti mache, omwen senk (5) jou pa semèn.
- Si ou w ap pran konbinezon terapi ranplasman òmòn estwojèn-projestewòn oswa w ap pran grenn planin familyal nan moman an, mande doktè ou si gen nenpòt risk posib.
- Lè ou bwè alkòl, sa ka ogmante risk pou w gen kansè nan tete. Yo poko detèmine ki kantite ki pa danjere. Ale sou sitwèb [nyc.gov/health](https://www.nyc.gov/health) epi chèche "alcohol and health" (alkòl ak sante) pou jwenn plis enfòmasyon.



Lòt risk pou kansè nan tete:

Asire ou doktè ou konnen si ou:

- Te janm gen kansè nan tete.
- Gen yon fanmi pwòch ki te gen kansè nan tete, tankou manman ou, sè ou, pitit fi ou, granmè ou oswa matant ou.
- Gen yon mitasyon jèn espesifik pou kansè nan tete, tankou mitasyon BRCA1 oswa BRCA2. Ou ka fè yon tès pou detèmine si ou gen mitasyon jèn sa yo.



Mesye yo ka gen kansè nan tete tou. Menm si li ra, pale ak doktè ou sou risk ou ka genyen.

Pa Kite Okenn nan Enkyetid sa yo Anpeche ou Jwenn yon Mamogram!

"Mwen pa gen asirans sante."

- Ou ka kalifye pou tè despistaj gratis oswa bon mache. Rele 311 pou jwenn plis enfòmasyon.

"Mwen se yon imigran san papyè."

- Ou gen dwa pou jwenn bon swen medikal, kèlkeswa ras ou, orijin ou, revni ou oswa sitiyasyon ou ak imigrasyon.
- Rele 311 pou chèche konnen ki kote pou w jwenn yon mamogram. Pa gen pèsonn ki pral mande ou enfòmasyon konsènan sitiyasyon ou ak imigrasyon.

"Mwen santi mwen anfòm!"

- Pifò kansè nan tete pa bay okenn sentòm okòmansman. Ou ta dwe toujou fè doktè tcheke ou.

"Mamogram yo fè mal."

- Ou gendwa pa santi ou alèz, men nòmalman doulè a lejè epi li ale apre mamogram nan fini.
- Yon ti malèz pa anyen lè sa ede yon moun jwenn kansè nan tete bonè.

"Mwen pa bezwen mamogram". Mwen twò granmoun pou m ta gen kansè nan tete kounye a."

- Ou pa janm twò granmoun pou w gen kansè nan tete. An reyalyte, plis w ap antre nan laj, plis risk la ap ogmante. Pale ak doktè ou pou w konnen si li apwopriye pou w kontinye fè mamogram lè ou gen 75 zan oswa plis.



Kote pou w al fè yon yon mamogram

Mande doktè w kijan pou w fè pou w jwenn yon mamogram. Si ou pa gen yon pwofesyonèl swen sante, rele 311 pou jwenn youn ki toupre ou.

Pami plan asirans sante ki garanti mamogram, gen asirans prive, Medicaid ak Medicare.

Si ou pa gen asirans menm oswa ou pa gen ase asirans, anpil lopital ak lòt òganizasyon bay tès depistaj gratis ak bon mache.



Plis Enfòmasyon

Ale sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche “breast cancer” (kansè nan tete).

DEPATMAN SANTE ETA NEW YORK
www.health.state.ny.us/nysdoh/cancer/center/publication.htm

**SOSYETE KANSÈ AMERIKEN
(AMERICAN CANCER SOCIETY)**
www.cancer.org
800-4-CANCER (800-422-6237)

**SANT POU KONTRWÒL AK PREVANSYON
MALADI (CENTERS FOR DISEASE
CONTROL AND PREVENTION)**
www.cdc.gov/cancer/nbccedp

**ENSTITI NASYONAL POU KANSÈ
(NATIONAL CANCER INSTITUTE)**
www.cancer.gov/types/breast

